

Florida History: 1830 – 1913

Famous Floridians: Henry Morrison Flagler

Henry Morrison Flagler trè **konni** paske li te bati chemen fè nan Lès kot eta Florid la. Li te responsab pou bati **chemenn de fè** kite sòti nan vil Daytona jiska Key West. Jefò li te ede **develope ekonomi** Florid la atravè **agrikilti** ak **touris**.

Flagler, madanm li ak pitit li yo tap viv nan New York. Men madanm li pa te an bon santé, li te toujou ap malad. Doktè te sikgere yo al viv an Florid. Fanmi Flagler te eseye al viv nan Jacksonville, se te sèl vil ki te gen bon wout pou al toupatou.



Nan dezyèm vizit li nan Florid nan lane 1882, li te vizite yon vil ki rele "St. Augustine." Li te renmen vil la anpil, men li te **friske** paske pa te gen otèl ak **transpòstasyon**. Li te rekonèt **potansyèl** pou atire touris ki sot lòt kote. Premye **biznis** Flagler se te vann lwil. Li decide pou li itilize fòtin li te fè nan vann lwil pou li



Nan lane 1885, li te kòmanse **konstriksyon** otèl "Ponce de Leon" ki te gen 540 chanm nan vil St. Augustine. Li te kòmanse achte **ray tren** ki te déjà la. De zan pli ta, Flagler bati yon pon ray tren ki **travèse** St. Johns River e konekte ak mwatye pati sid eta Florid la. Epi li te achte yon otèl nan nò Daytona. Answit, li te kontinye bati ray tren jiska Palm Beach.

Otèl ak ray tren li te bati nan Palm Beach ede zòn nan vin yon "**zòn Touristik** an ivè" pou moun ki rich. Daprè lejann, Julia Tuttle, yon jèn fanm vèv ki tap goumen pou developman

Florida History: 1830 – 1913

Famous Floridians: Henry Morrison Flagler

Miami, envite Flagler pou etabli ray tren nan Miami. Li te menm ofri Flagler tè gratis kòm **motivasyon** pou li te bati chemenn de fè. Moun nan Miami te vle chanje non vil la pou rele li “Flagler”. Flagler pa te dakò, li ankouraje yo pou kenbe ansyen non Endyen te bay vil la “Miami”. Ray tren Flagler a te rive nan zòn Biscayne Bay nan lane 1896. Nan 1905, li te kòmanse bati sa yo rele “Flagler’s Folly”, yon ray tren ki gen sèt mil pye de longè ki travèse lanmè a pou ale nan Key West. Nan tan sa a, se te Key West ki te gen pi plis moun nan Florid. Se te **waf** ki te pi pre kanal Panama tou. Li te vle fè biznis ak Cuba e lòt peyi ki nan Amerik di Sid. Flagler te vle pran avantaj kanal Panama ki tap konstwi pou fè biznis ak lòt peyi. Apre 4,000 moun te travay pou bati pon sa a pandan sèt an. An konklizyon, Flagler te di: “Mwen te toujou kontante m ak sa mwen genyen, men mwen pa janm satisfè”.



Florida History: 1830 – 1913

Famous Floridians: Henry Morrison Flagler

Activities

Preparing to read

- Discuss the title of the story with the students and have them look at the pictures.
- Ask them to predict what the story is about.
- Ask them what they know about Henry Flagler. (have they been to downtown Miami, do they know about Flagler street)

Vocabulary (Highlighted words in the story or any other word that might be relevant)

- Use of graphic organizer (see bilingual site for graphic organizer)

Supporting Comprehension

- Ask students what they already know about Henry Flagler. What was his role in Florida history?
- Why did Henry Flagler need to build railroads to create his “winter paradise”? to provide better transportation for tourists
- Why was the Miami area an excellent location for tourists? The warm climate attracted vacationers.

Finding Causes and Effects

- Finding causes and effects
- Explain to students that an effect is a description of an event and a cause is an explanation for why the event happened. Have students ask questions to identify the causes and effects in this selection.

Cause	Effect
Flagler wanted to attract wealthy tourists to Florida	So he build towns and hotels along Florida’s east coast.

Main Idea

- Use graphic organizer (see bilingual link)

Chronological Order

- Use graphic organizer (see bilingual link)

Character and Event/Similarities and Differences

- Use graphic organizer (see bilingual link)

Florida History: 1830 – 1913
Famous Floridians: Henry Morrison Flagler

Non: _____ Dat: _____

Klas: _____ Pwofesè: _____

Moun ki selèb nan Florid: Henry Morrison Flagler

Reponn kesyon sa yo:

1. Dekri kontribisyon Flagler nan devlopman kòt d Ès Florid la. Bay detay ak enfòmasyon nan istwa a pou sipòte respons ou.

2. Ki kote non vil Miami a sòti?
 - a. Non papa Flagler
 - b. Non Endyen
 - c. Yon kalite zoranj
 - d. Non ki sòti nan ray tren
3. Dapre istwa ki premye biznis Flagler te konn fè?
 - a. Biznis luil
 - b. Biznis otèl
 - c. Biznis bati ray tren
 - d. Biznis touris

Florida History: 1830 – 1913
Famous Floridians: Henry Morrison Flagler

4. Ki sa mo **motivasyon** nan istwa a vle di?

- a. Lajan
- b. Fwi
- c. Tè
- d. Ankourajman

5. Nimewote evènman nan lòd yo rive nan istwa a

___ Flagler bati yon ray tren ki gen sèt mil pye ki ale Key West.

___ Flagler bati otèl Ponce de Leon

___ Fanmi Flagler vin viv nan Florid

___ Premye biznis Flagler se te van lwil

6. Flagler te di: “Mwen te toujou kontante m ak sa mwen genyen, men mwen pa janm satisfè”. Nan opinyon w, sa sa vle di:

7. Ki moun ki te sikgere Fanmi Flagler pou vin viv nan Florid.

- a. Madanm li
- b. Doktè li
- c. Yon bon zanmi li
- d. Julia Tuttle